

# Fè Atansyon Pran



# Responsabilite

**Konsèy sou Sekirite pou  
Moun Ki ap Pran oswa Fè  
Enjeksyon Dwòg**

# Konsèy pou pi Bon Itilizasyon

1



Pa pataje oswa itilize ekipman plizyè fwa.

2



Itilize sereng nèf.

3



Prepare dwòg yo avèk anpil atansyon.

4



Pran swen venn ou yo.

5



Evite fè ovèdoz.

6



Ale fè tès epi al chèche tretman pou **VIH SIDA** ak **epatit C**.

7



Envèse ovèdoz.

8



Mande èd.



## Pa Pataje oswa Itilize ekipman plizyè fwa.

Epatit ak VIH se viris moun kapab pran nan kontaminasyon lè y ap pataje ekipman pou itilize dwòg. Viris epatit C a kapab viv sou ekipman yo pandan plizyè semèn epi domaje fwa ou si ou pa al trete maladi a. Pa gen mwayen pou geri lè w fè SIDA, epi tretman an mande pou w pran medikaman chak jou. Pwoteje tèt ou.

**+ Si ou fimen oswa rale dwòg nan nen w, evite pataje pip oswa chalimo w.**

**Si w ap pran enjeksyon, toujou itilize ekipman ki nèt.**



Itilize yon sereng, dlo pou rense, aparèy pou kuit dwòg, koton ak fisèl ki nèt tout tan.



Si yon moun ap ede w nan pran enjeksyon an, asire w li itilize yon nouvo sereng.



Jete dlo pou rense w fin itilize ak koton w fin sèvi ak yo.

**Si sa ta rive ou nan obligasyon pou w itilize yon sereng yon lòt fwa, suiv tout etap sa yo:**

1.



Rale dlo **glase** nan sereng ou a epi souke li. Pouse dlo a jete. Pa itilize dlo sa a ankò.  
**Repete etap la.**

2.



Rale **klowòks** nan sereng ou a epi souke li. Pouse klowòks la jete.  
**Repete etap la.**

3.



Rale yon **nouvo** kantite dlo glase nan sereng ou a epi souke li. Pouse dlo a jete.  
**Repete etap la.**



## Itilize Sereng Nèf.

### Kote pou jwenn sereng nèf:

Ou kapab jwenn sereng ak ekipman enjeksyon nan yon fason ki anonim nan yon pwogram sèvis sereng oswa al achte sereng nan famasi lokal yo. Sèlman mande moun k ap jere famasi a.

**Rele 311** oswa ale sou [nyc.gov/alcoholanddrugs](https://www.nyc.gov/alcoholanddrugs) pou w kapab jwenn yon pwogram sèvis sereng.

### Fason pou w elimine sereng ki deja itilize yo:

1.

Mete sereng ak lòt ekipman ou deja itilize yo nan **resipyan pou sereng** ki nan pwogram sèvis sereng ou a. Pou evite ou pike nan sereng lan, pa eseye kase pwent lan ni pa al mete ti bouchon pou kouvri sereng lan.

2.

**Ale depoze** sereng ki fin itilize yo nan yon pwogram sèvis sereng, nan yon kyòs sereng oswa yon klinik medikal.



**Anvan w jwenn yon resipyan pou sereng**, mete sereng ki fin itilize yo nan yon resipyan an platik ki pwès, tankou yon boutèy savon lesiv likid. Asire w mete yon etikèt ki di se fatra danjere ki ladan l.





## Prepare Dwòg yo avèk Anpil Atansyon.

- Netwaye men ou yo ak savon epi dlo oswa itilize dezenfektan pou men w.
- Mete tout ekipman yo sou sifas ki pwòp.
- Si sa posib, teste dwòg ou yo gras ak bann tèz fentanyl yo oswa lòt atik tèz dwòg yo.

### Si ou ap pran dwòg la nan piki:

- + Toujou itilize yon sereng ki pwòp epi esteril.
- + Itilize dlo wobinè ki fre oswa tib dlo esteril (w ap jwenn yo nan yon pwogram sèvis sereng).
- + Pa itilize egwi sereng ou a pou w fè yon twou nan tib dlo esteril la. Sa kapab fè egwi sereng ou a pa file ankò. Yon egwi sereng ki pa file kapab domaje po w ak venn ou yo.
- + Rale dlo ki sot nan yon resipyan pwòp monte nan sereng ou a.
- + Itilize yon aparèy pou kuit dwòg ki nèt a chak fwa, epi evite touche andedan aparèy pou kuit dwòg la.
- + Lage koton an dirèkteman nan aparèy pou kuit dwòg la, epi apresya, pa manyen l. Pa manyen li ak men w!
- + Si w pataje dwòg, itilize yon sereng pou w kapab separe dwòg yo ansanm ak yon dezyèm sereng pou w kapab pike tèt ou.





## Pran Swen Venn ou yo si w ap Pran Dwòg nan Piki

Lè w pike tèt ou kòrèkteman, sa ap ede w evite enfeksyon ak venn ki bloke. Swiv etap sa yo:

1.



Siye po w nan yon sèl direksyon ak alkòl oswa yon tisi ki antiseptik. Kite li seche.

2.



Chèche venn nan anvan pou bay tèt ou piki a. Pou w ka fè venn ou yo vizib, mare bra w pi wo kote w pral bay tèt ou piki a.

3.



Pwente egwi an sou bò kè a lè w ap bay tèt ou piki a.

4.



Pa fouye pou chèche venn yo. Lè ou jwenn yon venn, ou ta dwe wè san nan tib sereng lan apre w fin rale ponp sereng lan monte yon ti kras. Si ou pa wè san, rale l sòti epi eseye ankò.

5.



Lè w fin pike tèt ou yon kote, nan lòt fwa yo, pike tèt ou lòt kote pou w kapab redui domaj sou po w ak nan venn ou.



Lè w pike tèt ou nan bra w ak janm ou, li pi bon pou sante w pase si w pike tèt ou nan men w, pye w, kou w oswa senti w.



## Evite fè Ovèdoz.

Dwòg tankou ewoyin, kokayin, metamfetamin ak konprime ki pa medikal yo kapab genyen fentanyl ladan yo. Fentanyl se yon opiyoyid pisan moun pa ka detekte ak je yo, ak lang yo oswa nen yo epi li ogmante risk pou fè òvèdòz.

Suiv konsèy sekirite ki pi ba yo pou evite fè ovèdoz.



**+ Teste dwòg ou yo gras ak bann tès fentanyl yo.**

Si tès yo ta pozitif, pa itilize dwòg lan. Si ou planifye pou itilize l, kòmanse ak yon ti kantite epi ale lantman. Ale sou [nyc.gov/health/fentanyl](https://www.nyc.gov/health/fentanyl) pou w kapab konenn ki kote w ka jwenn bann tès fentanyl.



**+ Evite itilize yon dwòg poukont ou epi pa pran l yon sèl kou.**

Si w ap pran dwòg la poukont ou, rele liy asistans Never Use Alone (Pa Janm Itilize l Poukont ou) lan nan 800-484-3731.



**+ Evite melanje dwòg, ni alkòl tou.**



**+ Toujou mete naxolone yon kote tou pare ou ka pase men w pran l.**

Naloxone se yon medikaman san danje epi fasil pou itilize ki kapab kwape efè yon òvèdòz opiyoyid tankou ewoyin, analjezik ak fentanyl. Rele **311** pou jwenn ki kote pou jwenn naloxone.



**+ Fè atansyon si tout fwa w pa itilize l sa fè yon ti tan.**

Tolerans ou kapab pi ba, sa ki ka fè ou gen plis chans pou w fè ovèdoz.



## Ale fè Tès epi al chèche Tretman pou VIH SIDA ak epatit C.

**Depi se moun ki te pran dwòg nan piki, yo ta dwe al fè tès VIH ak epatit C (Hep C).**



**Ale fè tès VIH chak sis (6) mwa** si ou te pran dwòg nan piki, si w pataje travay ou oswa ou te nan fè bagay san kapòt.

### **Si ou genyen SIDA (VIH), al chèche tretman.**

Medikaman VIH yo kapab kenbe w ansante epi yo kapab redui anpil nan chans pou w kontamine lòt moun ak VIH la.

- + Si ou panse ou ka te kontamine ak VIH, pran PEP** — Pwofilaksi Apre Kontak (Post-Exposure Prophylaxis) — ki se yon medikaman ijans ki kapab kwape VIH si li te antre nan san w sa fè 36 èdtan men pou pi plis 72 èdtan.
- + Si ou enkyete konsènan posibilite pou w ta pran VIH la, poze yon doktè kesyon sou PrEP a** — Pwofilaksi Apre Kontak (Post-Exposure Prophylaxis) — ki se yon konprime ou pran chak jou k ap ede w pa gen viris VIH la nan san w (sewonegatif).

**Pou tès, tretman ak sèvis prevansyon VIH yo, rele 311, oswa ale sou [nyc.gov/health/hiv](https://www.nyc.gov/health/hiv).**





**Ale fè tès pou Epatit C chak sis (6) mwa** si ou te pran dwòg nan piki oswa si w pataje travay. **Genyen mwayen pou geri Epatit C.**

### **Genyen de (2) tès:**

Si sa rive w te fè tès epi rezilta yo pozitif pou antikò Epatit C yo, ou pral bezwen fè tès RNA Epatit C a pou w kapab dekouvri si ou genyen Epatit C a nan moman an.

#### **+ Si Ou Gen Epatit C, ale pran tretman pou w kapab geri.**

Nouvo tretman yo kout epi yo genyen yon ti kantite efè segondè. Majorite moun kapab geri nan de (2) oswa twa (3) mwa ak konprime sèlman.

#### **+ Ou kapab enfekte yon lòt fwa ankò.**

Si ou nan pataje dwòg, itilize nouvo sa ou kreye yo.

**Pou tès, tretman ak sèvis prevansyon Epatit C yo, rele 311, oswa ale sou [nyc.gov/health/hepc](https://nyc.gov/health/hepc).**



## 1. Pote atansyon ak nenpòt siy ki demontre yon moun ap fè ovèdoz.

- + Respirasyon ki fèb oswa pa gen respirasyon ditou
- + Po bouch oswa po ki gen koulè ble
- + Pèt konesans (endispoze)

## 2. Rele 911.

- + Si ou panse yon moun ap fè ovèdoz, rele 911. Lalwa pwoteje nenpòt moun ki fè ovèdoz oswa nenpòt moun ki rele 911 pou sove lavi yon moun, menm si moun nan ta itilize dwòg, men gen kèk eksepsyon. Pa egzanp, ou kapab pa gen pwoteksyon kont arestasyon si gen yon manda pou sa, oswa si ou nan libète siveye oswa kondisyonèl. Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa yo ak eksepsyon ki genyen yo, ale sou [health.ny.gov](http://health.ny.gov) epi chèche **Good Samaritan Law**.

## 3. Ba li naloxone si ou genyen.

- + Flite naloxone pou nen nan narin lan.
- + Ba l yon piki pou enjekte naloxone entramiskilè nan pati anlè bra li oswa nan pati anlè kuis li.
- + Si pa gen reyaksyon nan de (2) minit, ba li yon dezyèm dòz.

## 4. Si moun nan p ap respire, bay li respirasyon sekou oswa fè CPR, si ou konnen kijan pou fè sa.

- + Panche tèt moun lan al dèyè.
- + Peze nen moun nan.
- + Bay de (2) souf rapid nan bouch moun nan.
- + Kontinye avèk **yon** souf chak **senk (5)** segonn jouk lè moun nan kòmanse respire.

## 5. Mete moun nan kouche sou kote pou li pa toufe.





- Pou sispann oswa redui kantite dwòg w ap pran an:**
- + **Pale ak yon pwogram sèvis sereng** sou opsyon ou genyen yo. Kèk pwogram sèvis sereng ofri tretman, epi majorite nan yo kapab refere w bay yon moun ki kapab fè sa.
  - + **Pale ak pwofesyonèl swen sante w la** sou tretman oswa yon oryantasyon (referans). Buprenorphine (bupe) ak methadone se medikaman ki kapab ede w jere adiskyon a opiyoyid ou a.
  - + Pou plis enfòmasyon, sipò ak koneksyon nan sèvis yo, rele nan **888-692-9355** oswa ale sou **nyc.gov/nycwell**.

- 
- Chèche jwenn èd si ou fè depresyon oswa ou gen laperèz.**
- + Depresyon oswa laperèz ka rann li pi difisil pou w jere konsomasyon dwòg la epi pou w jere lòt maladi w kapab genyen, tankou VIH oswa epatit la.
  - + **Ale pran tretman.** Plen lòt opsyon ki disponib. Kontakte yon pwofesyonèl swen sante oswa ale sou **nyc.gov/nycwell** pou w kapab jwenn èd.

- 
- Chèche jwenn swen medikal regilye.**
- + Lè w ale wè yon pwofesyonèl swen sante, sa ap kapab ede ou rete ansante.
  - + Si ou pa gen asirans sante, ou ka kalifye pou asirans gratis oswa aba pri. Menm si ou pa kalifye pou asirans, ou kapab toujou jwenn bon kalite swen sante, kèlkeswa sityasyon imigrasyon ou oswa kapasite w pou w peye.
  - + Si ou bezwen èd pou w ka jwenn yon pwofesyonèl swen sante, rele **311** oubyen ale sou sit **nyc.gov/health** la epi chèche **konnen kijan pou jwenn yon doktè.**

**Si ou ap pran dwòg, fè Atansyon epi pran responsabilite w nan sa k gen pou wè ak sekirite w.**

---

Pou sipò nan ka kote w ta vle sispann pran dwòg epi pou lòt resous, **rele nan 888-692-9355** oswa ale sou **[nyc.gov/nycwell](https://nyc.gov/nycwell)**.

---